

DWA AK OBLIGASYON SA YO SE DWA AK OBLIGASYON MOUN KI FÈ DEMANN POU ESTATI REFIJYE YO NAN MEKSIK.

DWA

1. Yo pap depòte w. Yo pa gen dwa depòte okenn refijye oswa yon moun ki fè demann pou estati refijye nan peyi l pandan y ap travay sou aplikasyon l lan.
2. Konfidansyalite. Yo pa dwe devwale anyen sou ou san pèmasyon w.
3. Pa gen diskriminasyon. Pou okenn rezon: ras, sèks, relijyon oswa nasyonalite.
4. Dwa pou w gen enfòmasyon. Jwenn enfòmasyon sou demach yo, epi gen aksè ak dosye w.
5. Entèvyou pèsònèl. Yon fonksyonè nan COMAR ap pase w entèvyou pèsònèlman.
6. Entèprèt. Si w pa pale espayòl, ou gen dwa pou w gen yon entèprèt k ap tradui pou ou.
7. Demach yo gratis. Demach pou w fè demann estati refijye nan peyi Meksik la totalman GRATIS. Pèsonn pa dwe egzije w peye anyen.
8. Revizyon. Ou gen dwa mande pou yo revize ka pa w la, si w te jwenn yon repons negatif. (ou gen 15 jou ki gen travay pou w fè demann revizyon an)
9. Kontakte ACNUR. Ou ka kontakte Ajans Refijye Nasyonzini (Agencia de la ONU para los Refugiados) (ACNUR) pou enfòmasyon ak konsèy.
10. Reprezantan legal. Etranje yo gen dwa pou yo fè demann estati refijye a pèsònèlman, oubyen yo kapab itilize yon reprezantan legal. Si w te itilize yon reprezantan legal pou w kòmanse demach yo, ou dwe konfime demann ou an nan twa pwochen jou travay yo.
11. Aplikasyon pèsònèl oswa an gwoup. Ou ka kòmanse demach ou yo pou tèt ou sèlman, oubyen an gwoup, si w te vini ak fanmi w.
12. Sispann demach yo. enpòt lè w vle, ou gen dwa ekri pou w fè konnen ou pa vle kon tinje ak demach yo ankò.



Obligasyon

13. Bay enfòmasyon ki egzak e ki konplè.
14. Siyati. Si se ou ki fè demann nan, ou dwe parèt pou w vin siyen pandan w ap fè demach yo.
15. Rete nan eta kote ou te kòmanse demach yo. Anvan w demenaje, w ap bezwen mande COMAR otorizasyon.

